
Нур
6+
10
2017
ISSN 0207-6551



# ТХЬЭГЪЭЛЭДЖРЭ АМЫЩРЭ

Уэрсэрыжь къуитI иIэт: Амыщрэ Тхьэгъэлэджрэ. Амыщ щакIуэрейт. Мэзым щIэт псэущхьэхэр къиубыдурэ цIыхум къаритырт. Апхуэдэу цIыхум шы, вы, мэл, бжэн, жэм, нэгъуэщI Iэщи зэрахуэ хъуащ. Ахэр къахуэзыгъуэта лIым и фэ ираплъурэ «амыщкIэ» Iэщхэми еджэ хъуащ.

Тхьэгъэлэдж гъавапхъэ къилъыхъуэрт. Зэгуэрым абы гъуэгурыкIуэ мыцIыху къыкIэрыныкъэри, уIэгъэ хьэлъэ ищIащ. ЛIым, дунейм щехыжым, Тхьэгъэлэдж уэсят къыхуещIыж, и кхъащхьэм хукIэлъыплъыну. Кхъащхьэр ихъумэу, Тхьэгъэлэдж къилъэгъуащ щIым къыхэжа ху щхьэмыж цIыкIуищыр. Аращ къызытехъукIыжар цIыхум яшх гъавэр! Тхьэгъэлэдж и фэр ираплъри гъавэм «тхьэгъэлэдж» фIащащ.

* * *

Нанэм нарт шу гуп къыхуепсыхат, «дыгъэшхэ», жаIэри. Зы хугу хьэдзэ къищтэщ, зэгуигъэпкIри, Iыхьищым я еплIанэр лэгъупым хидзащ. Дзажэналъыт Iи къищтэщ, и зы кIапэмкIэ Iэпхъуамбэ залэ тридзэщ, къыпиупщIри ари адрей лэгъупым хилъхьащ. Нарт шу гупыр зэщIэIущэщащ. Нанэм зыри жиIакъым.

Гупыр щысурэ пIастэри лыри лэгъупхэм имыхуэжу зэрывыкIащ. Нанэм лIы гупыр я ныбэ изу игъэшхарэ пэт, пIасти лыи куэду къэнэжат. Нартхэр щигъэшэсыжым абы яжриIащ:

**– Мыр Тхьэгъэлэдж ихущ. Берычэт хэлъщ.** Иджыри фыкъакIуэ, фызгъэшхэнщ. Мыпхуэдэу иджыри ху плIанищ сиIэщ. Абы нэмыщI иджыри щыIэщ хууэ:

IэкIуэцIищэр зы пхыру,
Пхырищэр зы гъасэгуу,
Гъасэгуищэр зы щэджу
Щэджищэ!

**Мы лыр Амыщ игъэхъуа мэлым щыщщ, берычэт хэлъщ.** Зи, фымэжэлIэху фыкъакIуэ, фызгъэшхэнщ, – жиIэри къыдигъэкIыжащ.

## АМЫЩ И УЭРЭД

Уэр, Амыщу ди къан,
Уэр, Амыщу ди нэху,
Хуэдэ и унэ зи щIасэ,
Уэ ди мэлыхъуэв,
Мэш пщIондэ ди мэл,
Гуэл пщIондэ ди щынэ,
Мин зыбгъупщIхэр ди бжэнщ,
Уэ дыщэгуэ баш,
Дыщэ баш бгъэцIычэщ,
Уи чы пыIэр Iэтащхьэм щолъэщI,
Уи уэдыжь Iэтэ лъабжьэ щогъашхэ,
Мэлыр щамыгъашхэ щIым
Тхьэм и щIасэ щымэлыхъуэфIкъым,
Лъыпсейр и нэгум щыщIэкIащ.

## ТХЬЭГЪЭЛЭДЖ

Тхьэгъэлэдж Дэсто губгъуэ кIуат. ИIэри витIт. ВитIым Лабэрэ Псыжьрэ я зэхуакур жэщым яхъурт. Пщэдджыжьым Лабэ* ирафырти, ягъэгъурт, пщыхьэщхьэм Псыжь* ирафырти, ари ягъэгъурт. И витIым зэреджэр ШкIэжьыхъурэ Выхъунрэт. А тIумкIэ кърихьэлIащ гъавэр:

Iэ кIуэцIищэр зы пхыру*,
И пхырищэр зы мэш Iэтэу,
Мэш Iэтищэр зы гъасэгуу*,
Гъасэгуищэр зы щэджыжьу*
Щэджыжь щийр кърихащ.
Янэм и деж къыдыхьэжри,
ПIастэ щIыIэ гъущэрэ
Кхъуищэ кIэрыкIа лъынэрэ*
И зэ шхэгъуэт,
Вибгъуэр зыхэва лэпсри и Iэпэ шыпст,
Шыпсым дишх и пIастIэр
Дестынэ* щийм и гъавэт,
И вакъитIыр домбей упщIибгъут*.

**А гъуамэ цIыкIур,**
**«УцIыкIуIуэщ!» – жаIэрти,**
**зыхагъэхьэртэкъым**



* *Лабэ* – псыежэх – (Лаба).
* *Псыжь* – псыежэх – (Кубань).
* *Пхыр* – щхьэмыж зэкIуэцIыпха.
* *Гъасэгу* – зыгу из гъавэ.
* *Щэдж* – пхыр Iэтэ – (стог).
* *Лъынэ* – щэ – (жир).
* *Дестынэ* – щIы къызэрапщ пщалъэ.

Зыгъэхьэзырар
***НЭТЫХЪУЕЙ С.***

***БРАЙ Адэлбийрэ ХЬЭЦIЫКIУ Хьэсэнрэ дигу къыдогъэкIыж. Абы я ныбжьыр мы гъэм илъэс 80 ирокъу.***



***БРАЙ Адэлбий*** усакIуэфIт икIи тхакIуэ Iэзэт. Ди университетыр къиуха нэужь, ар «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм, «Адыгэ псалъэ» газетым, ***«Нур» журналым щылэжьащ.*** Зи усэхэмрэ рассказхэмкIэ тхылъеджэм фIыуэ къацIыхуа Брай Адэлбий и тхылъхэр адыгэбзэкIи, урысыбзэкIи къыдэкIащ, яхуэфащэ пщIэи ягъуэтащ.

Брайм и усэхэр образ дахэхэмкIэ гъэнщIащ. ***Усэм и фIагъыр къызэралъытэр уигъэгупсысэрэ уи псэр игъэгуфIэмэщ, лIыхъужьым и щытыкIэ псори уи фIэщ ищIрэ ар фIыуэ уигъэлъагъумэщ.*** Мис ар фIыуэ къехъулIэрт Адэлбий. Абы и усэ, рассказ, повестхэр зэрыт тхылъу пщыкIуз дунейм къытехьащ, сабийхэм папщIэ хъыбар дахэ цIыкIу куэди къытхуигъэнащ. ***«ЦIыху IейР усакIуэфI хъуркъым», жаIэ. А псалъэхэр Адэлбий деж щынэрылъагъуу усакIуэфIу дунейм тетащ!***

## УЭШХ

Хуэдэщ пщIантIэ хуитым
Гуэл къыдэлъэда,
Шэпхъыу налкъут мыщIэ
Бжэм къытрикIута.
ЩIакIуэ кIапэ тхъуахэр –
Пшэ фIыцIэжь хузар –
ЩIэпу кIыр шабзэшэкIэ
ЩIым къыкIэрыдащ…



## УЭШХ НЭУЖЬЫМ

Махуэ псокIэ,
Уафэр «гъуанэ хъуауэ»,
ЩIимыгъачэу
Уэшхыр къежэхащ.
Пщыхьэщхьэпэм,
Зи фэ пыхуа пшэхэм
Уэшхыр яшыхьыжри,
Ежьэжащ.

Дуней дахэм,
ТаскIэ зигъэпскIауэ,
Щыфэ къабзэр
Жьыбгъэм щегъэжэпхъ,

КъатетIысхьэм
Бзу къэхъеижахэр,
ЯфIэлъ ткIуэпсхэр
Жыгхэм зыкIэрапхъ.

Къухьэ дыгъэ плъыжьри,
Нэбжьыц кхъуакIэу,
Къеплъыжащ
Щыналъэ лыдыжам…
Ещхьщ ар зи щIалэщIэм
ГупымыкIыу
Хъыджэбз дахэ
КъыхуеплъэкIыжам.



## Ди гум илъщ

***ХЬЭЦIЫКIУ Хьэсэн*** усакIуэт, сурэтыщIт, пхъащIэ Iэзэт. Абы щIэныгъэ зыригъэгъуэтыну и насып къимыхьами, гурэ псэкIэ тхэрт, IущIэрт, псэ хьэлэл иIэу и IэщIагъэ пэрытт. ***Гъэлъэгъуэныгъэхэм ХьэцIыкIум и IэдакъэщIэкIхэм Щытхъу тхылъхэр къыщыхуагъэфащэрт.***

***Хьэсэн сабийхэм къахудигъэкIащ «Бзухэр мэбзэрабзэ», «Псыхъуэ гуащэ», «Мамэ и сурэт», «Гъуэгу дамыгъэхэр мэпсалъэ» усэ тхылъхэр.*** УсакIуэм щIэ-джыкIакIуэ ныбжьыщIэр хуеущий анэдэлъхубзэм, адыгэ хабзэм, цIыху зэхущытыкIэ екIум, щэныфIагъэм. Абы и тхылъхэр ди литературэм и Дыщэ кIанэщ.

### ЩIАКХЪУЭ ХУАБЭ

ЩIакхъуэ хуабэ,
Щабэ, IэфI,
Шхын щымыIэ
Уэр нэхъ сфIэфI.
Уэ ущыIэ –
IэфIщ дунейр,
Нэхущ си нобэр,
Си пщэдейр.
Уэ узиIэм –
СиIэщ мамэ,
СиIэщ папэ,
Дадэ, нанэ,
Сытми сэ
Сыхуэхьэзырщ,
ЛIыгъи сиIэщ,
Сы-Батырщ!



## МАМЭ И СУРЭТ



СурэтыщIу
Зызогъасэ,
Нобэ сщIам
ИмыIэ уасэ.
ФыкъысхуэкIуэ,
Фезгъэплъынщ,
Фызэреплъуи
КъэфцIыхунщ.
Щхьэц кIыхьышхуэу,
Езыр уардэу,
Дахэ дыдэу,
ТхьэIухуду.
Ар зыпэпщI хъун
ЩIым темыт,
Ар си мамэ
И сурэтщ.

Зыгъэхьэзырар
***НЭЩIЭПЫДЖЭ З.***

ТОКЪМАКЪ Светэ

# ЦЫТОП

*Рассказ*



Гъэмахуэр зэман дахэщ. Абы и закъуэ? Дунейм псэущхьэу тетым я дежкlэ пlалъэ хьэлэмэтщ. Гъэмахуэ махуэ кlыхьым жэщ зэхуэдитlыр къыдэкlуэу сабийхэмрэ балигъхэмрэ къуажэм щызэгъэжыркъым, – цlыкlухэр мэджэгу, нэхъыжьхэр уэршэру зэхэсщ.

Зэгуэр, си сабиигъуэм и апхуэдэ гъэмахуэ пшыхьу, акъужь къабзэр къыдэдэхащlэу школакlуэ нэхъыжьхэр куэбжэпэм деж дыщыст, хьэблэ сабийри ди lуфэлъафэм щыджэгурт. Жэщыр хэкlуэтэху дыуэршэрауэ, удзыпцlэ кlырым зыгуэр щыпэщащэу зэхыдох. Дзыгъуэ ди гугъэу дыкъыщылъэта щхьэкlэ, дызэбгрыжын дэнэ къэна, сабий гупри къыдэжэлlауэ зэрыгъэкlийуэ удзым хоплъэ. Деплъыпэмэ, удзым щыпэщащэр цыжьбанэт.

– Цыжьбанэ, цыжьбанэ! Къэдывгъэубыд!.. – сабийхэр гуфlэу зэрогъэкlий, зэрызохьэ.

Ахэр езмыгъэlусэу, сыхуэсакъыпэурэ а банэ топу зызэрызыгъэпщхьар удзым къыхызохри, дыздэщысым деж согъэтlыс. Цыжьбанэ псэууэ игъащlэм зымылъэгъуа сабийхэм я тхъэгъуэщ. Езыри гужьеящи, зишыхьауэ щысщ, зэрызихъумэж и банэ цlыкlухэр зэкlэщlэпlиеу. Дэ зыдущэхужри, тэлай дэдгъэкlащ, и жагъуэ зэрыдмыщlынур къыгурыдгъаlуэу. Ар зыхищlагъэнти, хуэмурэ и нэ цlыкlухэр къыщlигъэплъыжри и банэхэри иригъэтlысэхыжащ.

Плъагъуну фlэкlа ухуейтэкъым а дакъикъэм сабийхэм я нэгум гуфlэгъуэу щlэтар зыхуэдизыр!

Мы екӀуэкӀ псоми сеплъу сыздэщысым сигу къэкӀыжащ дыщысабийм ди гъунэгъу щӀалэ цӀыкӀухэм цыжьбанэ къаубыдауэ зэрыщытар.

Абы дыкӀуэурэ деплъырт хьэблэм цӀыкӀуу дэсыр. ГъущӀ тасыжь къащтэрти, абы теуӀуэурэ макъ ирагъэщӀырт, а макъым цыжьбанэр «къыдагъафэрт». Дэри апхуэдэу тщӀыну дигу къэкӀат, ауэ дыщысхьащ. ИужькӀэ цыжьбанэм сурэт тетхри, «Цытоп» фӀэтщащ.

Тлъэгъуам дригуфӀэу, дыжеинуи дыхуэмейуэ, куэдрэ дызэхэсащ. Езы псэущхьэ цӀыкӀури, зэрыхэкӀуэтар къищӀа нэхъей, хуэму пэщащэурэ ежьэжащ. Куэдрэ дытепсэлъыхьыжащ цыжьбанэ лъэпкъым, абыхэм я псэукӀэм. Пщэдей пщыхьэщхьэ аргуэру дызэхуэзэну дызэгурыӀуэри дызэбгрыкӀыжащ.

ЕтӀуанэ пщыхьэщхьэм, дызэрызэгурыӀуам тету, дыкъызэхуэсащ. Сабийхэр, зэрызехьэу, темыпыӀэжу цыжьбанэм пэплъэрт. Абыхэм иджы ящӀэрт цыжьбанэм шхын къилъыхъуэу жэщым гъуэм къызэрикӀынур. Дзыгъуэ, хьэндыркъуакъуэ, блэ, шындырхъуо хуэдэхэр абы и шхыныгъуэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр яжетӀарэ пэт, хэт мыӀэрысэ, хэти щӀакхъуэ Ӏыхьэ яӀыгъыу нэӀуасэ яхуэхъуа псэущхьэ гъэщӀэгъуэным темыпыӀэжу пэплъэхэрт…

Апхуэдэурэ гъэмахуэ хуабэри икӀащ, бжьыхьэ щӀыӀэри къэсащ. ЩӀыӀэ зэрыхъуу а псэущхьэ дахэ цӀыкӀум зигъэпщкӀужащ, дэри гъэ еджэгъуэщӀэм щӀэддзэжри, хущӀыхьэгъуэ дгъуэтыжакъым и Ӏуэху зетхуэну.

Ноби-ныжэби ди нэгу щӀэтщ ныбжьэгъу тхуэхъугъа а Цытоп цӀыкӀур, дытемыпсэлъыхьуи щӀагъуэ дэкӀыркъым.

***Сытуи псэущхьэ дахэ куэд тет мы дунейм! Дывгъэхъумэ, дахуэвгъэсакъ абыхэм!***



ХЬЭТУ Пётр

## МЭРАКIУЭХЬЭ

Уэшхыр къошх
Къытщыдыхьэшхыу, –
И хьэм бажэ къиубыда? –
Хуэдэщ дисым ныбгъуэхьэшым –
ДеуфэнщI, дыхиубыдащ!..
Гъущэу зы къытщимыгъанэу,
ДеуфэнщIри деуфэнщI...
Ауэ хуэтщIыркъым гукъанэ –
Нэжэгужэ нэхъ дыкъещI...
Додыхьэшхыр – дотхъэ дэри, –
ЩIымэракIуэр догъэкIуэщI...
ТфIэIэфIыпсрэ тфIэфIыпсу
Губгъуэ-нанэ дисщ и куэщI.



## ДИСЭ ГУАЩЭР ЕГЪЭIУЩ

Гуащэ цIыкIуу и нэ-и псэм,
Iэпэ хуищIу, жреIэ Дисэ:
«Умыгубжь, зумыщI нэщхъыдзэ,
Ещхь ухъунущ нэжьгъущIыдзэ.
Дахэ дыдэ уэ ухъунщ,
Дади нани къыпщытхъунщ,
Е хьэщIапIэ уэ укIуамэ,
Е ныбжьэгъухэм уахыхьамэ,
Хабзэ-бзыпхъэм утемыкI,
Гуапэу яхупыгуфIыкI».

## МЭЗ ГУАЩЭМ И ДЖЭ МАКЪ

Бжьыхьэ уэфIыр мэпэщащэ,
Дыщэ пщIащэу зэрощэщ,
Мэзым жьыбгъэр щоIущащэ...
Нанэ жеIэ: «Ар Мэз Гуащэщ,
Мэзым жьыбгъэр щоIущащэ...
МэракIуашхэ къоджэу арщ».
Мэз жумартым дыхуэфащэм,
Дэри нобэ а Мэз Гуащэм
Зы класс псо дыхуеблэгъэнщ,
IэфIым дыдж хэдмыгъэгъуащэм,
Мэз жумартым дыхуэфащэм,
Дэри ар къытхуэупсэнщ.

## МЭРАКIУЭ IУПЭ

Тут мэракIуэр IэфIщ –
IэфIыщэщ! –
IэмыщIизкIэ согъэкIуэщI,
Ауэ нанэ къысхуэмыщIэ
ЩIысхуэшхыдэр: «Напэр тхьэщI!»
Мы си Iэгуи, мы си Iупи
ФIыцIэ хъуамэ, хьэлэмэт?
Мис, сфIэфIыпсщ, «МэракIуэ Iупэ», –
ЖаIэу, хьэблэм сэ сыдэтщ.





## КЪЭБ

КъыхуэмыIэту уеблэм дадэ,
Танэжь бжьэ закъуэу илъщ ди хадэм.
Iэр къемыкIуэкIыу инщи ар,
ЯфIэтелъыджэщ зэрыхъуар.
ЦIыху куэди нобэ зэхуэсауэ,
Сытесщ абы, сагъэшэсауэ.
Хъуэхъу куэд хужаIэ ди унагъуэм,
Яхуэухыжкъым – ягъэщIагъуэ.
Адыгэ фащэ сщыгъщи нобэ,
Ди хьэщIэ псоми жаIэ: «Тобэ!..»
КъикIащ газетми сурэттех –
Абы сурэт сэ къыстрех...

## СЭ СЫЩIАЛЭФIЩ

Ди гъунэгъу Данэ
ПцIы къыстрелъхьэ,
Я мыIэрысэр
СфыщIауэ жеIэ.
Я Хусэ-нани
Абы и телъхьэщ, –
СыщIалэ мысэу
Дадэ жреIэ.
Сэ гъунэгъу хадэ
Сыт сыщIихьэнур?
Ди мыIэрысэр
КуэдкIэ нэхъ IэфIщ.
Дадэ ар ещIэ
ЗэрызмыщIэнур,
Псоми яжреIэ:
«Мэдэ щIалэфIщ!..»

## ДИ ГЪУСЭУ НАКIУЭ

Пхъэщхьэмыщхьэр бжьыхьэм
гуакIуэщ,
Уэдгъэшхынщ, ди гъусэу накIуэ,
Мэз жызум, къэтхъэнсолыкъу,
Зэ, пщэхупщ, пхъэгулъ,
кхъужьцIыкIу, –
КъуакIи тафи щIыдощыкI,
Нэм къыфIэнэр къыдощып.
КъыщыпытчкIэ дэ къэзмакъ,
Банэ папцIэм дыхуосакъ...
ПщIий, мэзыдэ, къущхьэмышх, –
Гум пIэпихыр къыхэхыж.
Пыжь, зэрыджэ, хьэцыбанэ...
Сыт иджыри дэ къэдгъанэр?
Ахэр псори ди зэхуэдэу
КъыщокI губгъуэм, мэзым куэду,
Сыт къэкIыгъи иумых лей,
Ди мызакъуэ фIыгъуэр зейр...
Пхъэщхьэмыщхьэр уфIэгуакIуэм,
Уэдгъэшхынщ, ди гъусэу накIуэ...

## КIЭПХЪ

И кIэ бапхъэр дрипхъейуэ,
Махуэ псом къелъых-дэлъейуэ,
Уэздыгъей-жыгей мэзыжьым
Къыщещыпыр гъуэжьи, плъыжьи...
МэгъэтIылъэ кIэпхъыр бжьыхьэм,
Пхъэщхьэмыщхьэ къыIэрыхьэр
Ехьыр и гъуэм – шыр зэрысым –
Кхъужьи, пыжьи, мыIэрыси,
ПщIий, зэрыджэ, мыщэхупщи,
(Iэгъэбэгури щымыгъупщэ),
Къущхьэмышхи, дэи, зэи...
Щхьэх имыIэ абы зэи.






ПХЫТIЫКI Юрэ

# СФIЭГУЭНЫХЬЩ

Хьэндыркъуакъуэр
ЖэщкIэ маджэ:
«КIур-рэ, кIур-рэ,
Укъы-къыкъ!»
Зэхимыхыу
Дэс къуэладжэм? –
ЗикI ар зэджэр
КъыкъуэмыкI...
Къыхуэмей-
КъыфIэмыIуэхурэ?
Е и макъ фIэгурымыхь?
СщIэркъым,
Ауэ а тхьэмыщкIэр
Сытым щыгъуи
СфIэгуэныхьщ.



# ИСЫЖ УИ ГЪУЭМ

ДзыгъуэцIыкIуу
Лъакъуэ псыгъуэ,
ЖэщкIэ дыгъуэу
Къэзыжыхь,
СынолъэIур,
Исыж уи гъуэм,
Ди пщэфIапIэм
КIампI щIумыхь!
Дадэ уи гъуэм
И гъунэгъуу
Игъэуващи
ДзыгъуэтIакъ*,
КхъыIэ, дзыгъуэ,
Умыдыгъуэу,
Исыж уи гъуэм...
Зыхуэсакъ!



*ДзыгъуэтIакъ – дзыгъуэтеуэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег



## ТIЭПI-ТIЭПI…

«ТIэпI-тIэпI…» –
Къошхыр уэшх.
«ТIэпI-тIэпI…» –
ДеуфэнщI!
«ТIэпI-тIэпI…» –
Къошхри къош.
«ТIэпI-тIэпI…» –
ЗимыгъэнщI.
«ТIэпI-тIэпI…» –
Уэшхыр блокI.
«ТIэпI-тIэпI…» –
Пшэхэр токI.
«ТIэпI-тIэпI…» –
УэфI мэхъуж.
«ТIэпI-тIэпI…» –
Догъущыж.

## ЛАЦЭ

КIэпхъ кIэ бацэ,
КIэпхъ кIэ кIыхь,
КъокIуэ Лацэ,
КъыумыпкIыхь.
Дэ къэщыпи,
Уи гъуэм хьыж.
Армырамэ,
УхокIыж.
Дэ ди Лацэ
Дэ и фIэфIщ…
Мэ, кIэ бацэ,
Дэ ди куэдщ!



# ГЪЭСАКIУЭХЭМ Я МАХУЭШХУЭ

Республикэм и ГЪЭСАКIУЭХЭМ я Махуэшхуэр Iэтауэ, нэгузыужьу, гукъинэжу щагъэлъэпIащ Урыху (Къуэгъулъкъуей) къуажэ. Абы щызэхуэзат къулыкъущIэхэри, щIэныгъэрылажьэхэри, артистхэри, дунейгъафIэ сабийхэри.



ГЪЭСАКIУЭХЭР сыту IэпщIэлъапщIэ! Ахэр зыхуэмыIэзэрэ, абы ямыщIыфрэ щыIэкъым, сабийхэм зрагъэужьын папщIэ.



...ГЪЭСАКIУЭХЭР зэрымыхьэ сэфэт щыIэкъым, сабийхэм дунейр кърагъэцIыхун, утыку итыкIэ ирагъэщIэн папщIэ.
АртистыфIхэщ!



ГЪЭСАКIУЭХЭР ягъэлъапIэу, ягъэгушхуэу сабий дыгъэ-щыгъэ гупым сытым хуэдэу дахэу зыкъагъэлъэгъуа а Махуэшхуэм!

Гухэхъуэт уеплъыну!

Жылэ хэзысэрэ сабий зыгъасэрэ



Ди еджакIуэ цIыкIухэ, цIыхум мылъку нэхъ лъапIэ дыдэу иIэр щIэныгъэмрэ IэщIагъэмрэщ. Фэ фIыуэ феджэн зэрыхуейм хуэдэ дыдэу, IэпэIэсэу фыкъэхъун хуейщ.



Мы сурэтхэм щыфлъагъу лэжьыгъэхэр зыщIар фэ фхуэдэ сабийхэщ, я гъэсакIуэхэр ящIыгъуу.

Флъагъурэ, ахэр зыхуэмыIэзэ щыIэкъым! Пхъэми, тхылъымпIэми, щэкIыми, жылэми, шхийми, чымпэми, цыми «псэ къыIуагъакIэ».

Фадэплъей. Зывгъасэ фэри фыпхъащIэу, фыIущIэу, хэвдыкIыу, сурэт фщIыуэ, фыдэрбзэру. КъывэхъулIа лэжьыгъэхэм сурэт тефхи къытхуевгъэхь, журналым теддзэну.

Аброкъуэ Б.
nur.kbr1982@yandex.ru



# ПСЭУЩХЬЭХЭМ Я БЗЭ



Адакъэр маIуэ – IУ-IУ-IУУ...

Аслъэныр мэгъуахъуэ, мэгурым – нау-гъугъу, гъугъу-ыгъгъгъ...

Бжэныр мэчачэ – МЭ-IЭ-IЭI...

Блэр щIофие – сы-с-с-с, шы-ш-ш-ш...



Выныр мэкIий – КЪУАГЪ-КЪУАГЪ-КЪУАГЪ...

Джэдур мэпщIэу – нау-нау-ннау...

Джэдыр мэкъакъэ – КЪЭ-КЪЭ-КЪЭКЪ...



Дзыгъуэр мэцIий – цIи-цIи-цIи...

Дыгъужьыр мэкъугъ – ХЬЭIУУ- ХЬЭIУУ...

Жэмыр мэбу – муу-буу-буу...



Къанжэр мэкIакIэ – уэ-кIы-кIыкI, э-кIы-кIыкI...

Къуалэбзухэр мэушэ, маджэ, мэфий – цIур-цIур-сий-фий ...

Мэлыр мэIуей, магъуэ – МА-А-АI, МА-А-АI...

Номиныр мэкIий, мэдыхьэшх – УИЙ-СИЙ, УЭ-ХЬЭ-ХЬЭХЬ...



Ныбгъуэр маджэ – фитI-пIыр-пIыр, фитI-пIыр-пIыр...

Тхьэрыкъуэр мэкъуркъу – къур-къур-къуркъу...

Хьэр мэбанэ, мэпщIэу, мэкъугъ, мэгурым – хьэу-хьэу-хьэу, хьэIуу, гъыгъ...

Хьэндыркъуакъуэр маджэ – КЪЫУАКЪ, КIУР-РЭ, КIУР-РЭ, УАКЪЫ-КЪЫКЪ...

Шыдыр мэкIий – Iи-Iа, Iи-Iа-Iи-Iа...



Шыр мэщыщ, мэпырхъ – Iи-Iы-хьы, Iи-Iы-хьы, пыф-пырхъ...











## «Нартхэр»

***УПЩІЭХЭР:***

1. Нартхэ я тхьэ гуащэ, гуащэ псом ялей.
2. Албэч и къуэ, дзэгъэшынэ шу закъуэ.
3. Сэтэней гуащэ и щауитІым яз, чынтыр зыгъэгулэз.
4. Нарт Хасэ тхьэмадэ, тхьэпэлъытэ Пэкъуэ зи бий.
5. Емынэ шужьей, Ашэ нарт хахуэр зыгъэгужьей.
6. Нартхэ я лІы икъугъэ, чынтыр зи ныкъуэкъуэгъу, хьэрхуэрэгъу зи бащэ.
7. Амыщ и къуэш, мэшыр зи бэв, гъавэр зи Іэужь.

*УпщІэхэм я жэуапхэр къахуэвгъуэтмэ, сатыр къыхэгъэщам къехыу фыкъыщеджэнщ нарт лІыхъужьхэм ящыщ зым и цІэм.*

*Зыгъэхьэзырар*

***ХЬЭТУ П.***







НыбжьыщIэхэр къафэм, лъэпкъ хабзэм дегъэхьэхынымкIэ **«ШАГЪДИЙ»** цIыхубэ ансамблым и гъэсакIуэхэу ***УНЭЖОКЪУЭХЭ Тимуррэ Заремэрэ*** куэд ялэжь. Мы гъэм илъэситху ирикъуа «Шагъдий» гупым пIалъэ кIэщIым къриубыдэу зэфIэкI ин къагъэлъэгъуащ. Республикэ, урысейпсо зэпеуэ зыбжанэм пажэ щыхъуащ, щэнхабзэ фестивалхэм гукъинэжу зыкъыщагъэлъагъуэ, я къэфэкIэри куэдым гунэс ящохъу. НыбжьыщIэхэмрэ гъэсакIуэхэмрэ я цIэр щIыналъэ куэдым къыщраIуэ «Шагъдий» къэфакIуэ гупыр псапэ Iуэхухэм жыджэру зэрыхэтыр.

***ЕхъулIэныгъэ куэд яIэну дэри дохъуэхъу!***


*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»*

Издается
С 1 января 1982 года
№ 10 2017 г.

Учредители:

Министерство культуры КБР
Общественная организация
«Союз писателей КБР»

И. о. главного редактора
***Б. М. АБРОКОВА***

Редколлегия:
***Х. КАРМОКОВ***
***А. КАРМОВА***
***Е. ТХАМОКОВА***
***Х. ТИМИЖЕВ***
***П. ХАТУЕВ***

Художественный редактор
***М. ХАЛИЛОВА***

Набор и вёрстка
***Н. РАСТОРГУЕВОЙ***

Свидетельство о регистрации № ПИ № ТУ07–00103 от 24 декабря 2014 г. Управление Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по КБР.

Подписано к печати
10.10. 2017 г.
Выход в свет 30.10. 2017 г.

Формат 60x90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak, DrunkC, Comic Sans MS.
Печать офсетная
Усл.печ.л. 2
Усл.кр.-отт 8
Уч.-изд.л. 2,7

Тираж 2775 экз.
Заказ № 126
Индекс 73912

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 13,87 руб.; за 6 мес.– 83,22 руб.

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
nur.kbr1982@yandex.ru

Адрес издателя: 360017,
г. Нальчик, пр. Ленина, 5.
ГКУ «КБР – Медиа».
Дом печати.

Отпечатано в типографии
ООО «Тетраграф»
360000, КБР, г. Нальчик,
пр. Ленина, 33.

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.